

BAB I

PURWAKA

A. Larah-Larahing Perkawis

Salebeting sesrawungan ing masyarakat Jawi, pambiji tumrap ageman masyarakat sawenehing *faktor* ingkang wigatos amargi dipunanggep sae utawi awom lan pantes utawi boten pantes. Miturut Iwan Bloch salebeting buku (Toekio, 2019) ageman satunggaling suku bangsa menapa kemawon tansah dipun perbowani dening *faktor* patutipun, *faktor* pabrayan lan kasarasan, saha mupangat ingkang dipuntetepaken dening pangagemipun. Ing wekdal samangke, nalika manungsa ngrembakakaken gumreguting rasa lan sesrawungan, mekaten ugi ginanipun, lan dipunjangkepi kanthi pamanggih ingkang ngandhut *unsur* kaendahan lan ginanipun ingkang kaselarasaken kaliyan *cita rasa*, pabrayan, lan *taraf* panggesangan pangagemipun. Pirembagan babagan rerengganing mustaka adat tartamtu raket kaliyan ageman adat lan kadospundi rerengganing mustaka dados perangan kalenggahanipun. Awit saking punika, iket dados bahan baku salebeting pandameling rerengganing mustaka, nalika semanten kain bathik dados salah sawijing *alternatif* salebeting pandameling rerengganing mustaka, ananging saperangan masyarakat Jawi taksih migunakaken iket (Toekio, 2019:6).

Panguri-urining budaya Jawi ingkang sansaya majeng paring kathah maneka warna tumrap ageman maliginipun panutup mustaka ingkang sakawit iket dados blangkon. Blangkon mijil awit perbawan budaya Hindu lan Islam. Nalika jaman semanten pangageman kain iket dipunanggep radi angel lan mbektaheken wekdal ingkang dangu, pramila mijil blangkon kados samangke blangkon dipunagem dados pengayom mustaka ingkang ringkes minangka asiling pangrakiting kain iket (Hantoro et al., 2021:132).

Blangkon inggih punika rerengganing mustaka bathik ingkang dipunagem kakung kange njangkepi ageman tradihsional Jawi. Kejawi dados pengayom saking sunaring srengenge, blangkon ugi anggadhahi mupangat ingkang nedahaken martabat utawi kalenggahanipun ingkang kagungan. Kathahipun tiyang Jawi ngginakaken blangkon dados *simbol* utawi *atribut*, lan nalika semanten kaginakaken kange mbetenaken *golongan* istana lan masyarakat alit ingkang namung migunakaken iket kange rerengganing mustaka. Miturut tiyang jawi, wonten bab wigatos ing mustaka kakung pramila tutup mustaka kakung minangka bab ingkang wigatos sanget dados pengayom badan salira, awit saking punika masyarakat Jawi nalika rumiyin migunakaken blangkon pinangka ageman padintenan lan saged dipunaturaken minangka perangan wajib (Cisara, 2019:65). Blangkon anggadhahi sawarnining warna, salah satunggalipun blangkon Surakarta. Blangkon Surakarta piyambak anggadhahi jinis ingkang beda-beda miturut wiron, jebehan, model pangageman, papan waton lan kuncung.

Adhedhasar larah-larahing perkawis wonten ing nginggil, panaliti kepencut nindakaken panaliten kanthi irah-irahan ‘‘Makna Salebetung Wangun Blangkon Gagrag Surakarta Pinangka Wucalan Gesang Tumrap Masyarakat Jawi’’ amargi wonten pinten-pinten alesanipun inggih punika kawontenan blangkon wekdal samangke sansaya keingser dening peci, kathah tiyang sepuh boten ngagem blangkon namung ngagem peci, blangkon minangka ciri ingkang wiwit dipun ginakaken wonten ing pasamuan-pasamuan jawi, dereng wonten panaliten-panaliten ingkang ngrembag babagan makna blangkon kasebat, blangkon gadhahi jinis-jinis ingkang kathah miturut wangun cakrik ipun pramila, ing mestinipun cakrik-cakrik kalawau gadhahi makna piyambak-piyambak ingkang ndadosaken panaliti badhe nindakaken panaliten langkung lebet babagan makna saking saben wangun blangkon lan *implementasi* wonten gesang saben dintenipun. Panaliti ugi gadhah pangajab menawi blangkon tetep dipun ngertosи dening sedaya masyarakat supados boten ical.

B. Thinthinaning Perkawis

Adhedhasar larah-larahipun perkawis ingkang sampun dipunandharaken wonten nginggil punika, saged dipunpendhet thinthinaning perkawis inggih punika:

1. Mangertosi *persepsi* masyarakat Jawi babagan jinis lan wangun blangkon gagrag Surakarta.

2. Mangertosi jalaran masyarakat Jawi tasih rekaos mbentenaken jinis lan wangun blangkon gagrag Surakarta.
3. Masyarakat Jawi tasih kirang kuwawi salebeting mangertosi jinis lan wangun blangkon gagrag Surakarta.
4. Jinis lan wangun saking blangkon gagrag Surakarta.
5. Mupangat blangkon gagrag Surakarta.
6. Makna ingkang kakandhut wonten ing salebeting blangkon gagrag Surakarta.
7. Piwulang luhur gesang masyarakat Jawi ingkang kakandhut wonten ing salebeting blangkon gagrag Surakarta.

C. Watesaning Perkawis

Watesaning perkawis dipuntindakaken supados panaliten saged *fokus*, watesaning perkawis inggih punika:

1. Jinis lan wangun blangkon gagrag Surakarta.
2. Mupangat blangkon gagrag Surakarta.
3. Makna ingkang kakandhut wonten ing salebeting blangkon gagrag Surakarta.
4. Piwulang luhur gesang masyarakat Jawi ingkang kakandhut wonten ing salebeting blangkon gagrag Surakarta.

D. Underaning Perkawis

Underaning perkawis dipundhasari saking larah-larahipun perkawis kaliyan watesing perkawis ingkang sampun kaserat wonten nginggil. Underaning perkawis antawisipun:

1. Kadospundi jinis lan wangun blangkon gagrag Surakarta?
2. Kadospundi mupangat blangkon gagrag Surakarta?
3. Kadospundi makna ingkang kakandhut wonten ing salebeting blangkon gagrag Surakarta?
4. Kadospundi piwulang luhur gesang masyarakat Jawi ingkang kakandhut wonten ing salebeting blangkon gagrag Surakarta?

E. Ancasing Panaliten

Jumbuh kaliyan underaning perkawis wonten ing nginggil, ancasing panaliten antawisipun:

1. Ngandharaken jinis lan wangun saking blangkon gagrag Surakarta.
2. Ngandharaken mupangat blangkon gagrag Surakarta.
3. Ngandharaken makna ingkang kakandhut wonten ing salebeting blangkon gagrag Surakarta.
4. Ngandharaken piwulang luhur gesang ingkang kakandhut wonten ing salebeting blangkon gagrag Surakarta.

F. Mupangating Panaliten

Wonten ing panaliten punika dipunjab supados saged nyukani paedah ingkang sae kangge panaliti saha sedaya ingkang maos,saking asilipun panaliten ingkang sampun dipunrembag dening panaliti. Mupangat kalawau saged kaperang dados kalih, inggih punika praktis lan teoretis.

1. Paedah Teoretis

Panaliten menika saged dipunjab saged dipun dadosaken tuladha salebetung nyinau makna blangkon gagrag Surakarta, blangkon menika dipunjab saged ngrembakakaken lan saged dipun uru uru bab kabudayan Jawi saha adat istiadat Jawi dados perangan saking budaya bangsa Indonesia kanthi ajeg sampun nyepeng gesang sosial, budaya lan ngrembakaning pendhidhikan tumrapipun pabrayan agung. Panaliten punika ugi saged dados bahan rembagan kangge para panaliti kabudayan lan ugi saged kangge nambahi kawruh babagan tandha semiotika wonten ing salajengipun.

2. Paedah Praktis

- a. Tumrap panaliti pinangka wawasan kangge nambah kawruh ngengingi blangkon gagrag Surakarta.
- b. Tumrap guru pinangka sumber referensi bahan ajar kajangkepan wonten ing salebetung busana adat Jawi.
- c. Tumrap panaliten sanesipun saged kaginakaken pinangka bahan kajian ingkang ngrembag babagan jinis lan wangun, mupangat, makna saha piwulang luhur gesang ingkang kakandhut wonten ing salebetung blangkon gagrag Surakarta.

G. Tatacara Panyeratan

Tatacara panyeratan wonten panaliten inggih punika:

- BAB I** : Purwaka ingkang surasanipun babagan larah-larahing perkawis, thinthinganing perkawis, watesing perkawis, underaning perkawis, ancasing panaliten, mupangating panaliten, tatacara nyerat.
- BAB II** : Landhesaning teori ingkang surasanipun babagan landhesing teori antawisipun babagan Landhesaning Teori, Panaliten ingkang jumbuh, Cengkorongan Pamikir.
- BAB III** : Metode panaliten ingkang surasanipun babagan jinising panaliten, metode panaliten, dhata saha tuking dhata, cara ngempalaken dhata, cara ngesahaken dhata, lan cara ngolah data.
- BAB IV** : Bab menika njlentrehaken babagan Wiwitan Dheskripsi Dhata saha Pamedharing Panaliten.
- BAB V** : Bab menika njlehtrehaken babagan Dudutan, Implikasi, saha Pamrayogi.

PUSTAKA

SIMPINGAN

BAB II

LANDHESANING TEORI

A. Landhesaning Teori

1. Semiotika

Teori semiotika inggih punika setunggaling kajian ngelmu babagan tandha. Salebetting semiotika nganggep *fenomena sosial* wonten ing masyarakat lan kabudayan menika minangka tandha-tandha. Semiotik puniku piyambak inggih menika nyinau sistem-sistem, paugeran-paugeran, lan *konvensi-konvensi* ingkang ndadosaken tandha-tandha kasebat nggadhahi makna piyambak-piyambak (Octaviani, 2021:1). Miturut etimologis, semiotik dumados saking tembung Yunani inggih menika Semion ingkang tegesipun "tandha". Ananging, miturut terminologis, pangertosan semion menika mujudaken kawruh utawi ilmu ingkang kakandhut babagan objek objek, kedadosan sedaya kabudayan minangka pratandha utawi tandha.

Roland Barthes kaloka minangka salah setunggaling tiyang putusing kawruh *strukturalis* ingkang mraktekaken linguistik lan *Semiologi Saussure*. Piyambakipun gadhahi pemanggih basa inggih punika setunggaling sistem tandha ingkang ngetingalaken *asumsi-asumsi* saking setunggaling masyarakat tartamtu salebetting wekdal ingkang tartamtu. Teori Semiotika Roland Barthes bakukaken tigang *pilar pemikiran* ingkang dados *inti* saking *analisisipun*, inggih menika makna *denotatif, konotatif* lan *mitos*. *Sistem* pemaknaan ingkang

sepisan dipunsebat *denotatif* lan *sistem* pemaknaan ingkang kaping kalih dipunsebat *konotatif* (Octaviani, 2021:3).

Denotatif inggih menika setunggalan makna ingkang ketingal dening tan kasat mripat. Makna *denotatif* inggih menika makna ingkang saestunipun utawi setunggalan tatanan sepisan ingkang maliginipun makna kasebat gadhahi sipayat katutup, samangke makna *denotasi* ngasilaken makna ingkang gadhahi sipayat *eksplisit*, langsung lan mesthi. Dene makna *konotatif* medharaken satunggalan makna ingkang kakandhut wonten ing salebetung tandha-tandha tartamtu, utawi satunggalan tandha ingkang penandhanipun ingkang anggadhahi makna tinarbuka utawi saged dipunsebat makna *implisit*. Makna ingkang boten langsung lan boten mesthi, makna *konotatif* kabuka kangege *penafsiran*-*penafsiran* enggal.

Denotasi saged kasebat *objektif* ingkang tetep, dene *konotasi* inggih punika makna *subjektif* lan maneka warna. Kejawi *denotasi* lan *konotasi*, salebetung teori Semiotika Roland Barthes boten apisah saking mitos. Mitos inggih punika setunggalan tandha utawi makna ingkang ngrembaka wonten salebetung masyarakat amargi wontenipun perbawan saking adat istiadat lan sosial budaya masyarakat puniku, lan wonten bab-bab sanesipun magepokan kaliyan mitos kasebat, kanthi cara migatosaken korelasi saking ingkang ketingal nyata (*denotasi*) kaliyan tandha ingkang tersirat (*konotasi*) (Octaviani, 2021:3).

Mitos miturut teori Semiotika Roland Barthes inggih punika satunggaling sistem komunikasi ingkang dados satunggaling pesen. Teori Semiotika Roland Barthes ngandharaken bilih mitos salebetung pangertosan mliginipun inggih punika pengembangan saking *konotasi*. Ananging minangka satunggaling sistem ingkang unik mitos kawangun dening satunggaling reroncen *pemaknaan* ingkang sampun wonten saderengipun utawi kaliyan tembung sanesipun, mitos inggih punika satunggaling sistem pemaknaan perangan kaping kalih. Wonten ing salebetung mitos ugi, satunggaling tandha saged anggadhahi maneka warna penandha. Mitos miturut teori Semiotika Roland Barthes inggih punika dados *type of speech* utawi cara pangandikan salah satunggaling tiyang (Octaviani, 2021:4-5).

2. Kabudayan

a. Pangertosan Kabudayan

Budaya utawi kabudayan asalipun saking basa Sansekerta inggih punika *buddhayah*, ingkang wangun jamak saking buddhi (budhi utawi akal) dipunartosaken dados bab-bab ingkang sesambutan kaliyan budhi lan akal manungsa, salebetung basa Inggris kabudayan *culture* ingkang asalipun saking tembung Latin *colere* ingkang anggadhahi makna ngolah utawi damel (Syakhrani & Kamil, 2022:782). Tembung culture inggih punika tembung ingkang asalipun boten saking basa Jawa ingkang ngadhahi artos sami kaliyan kabudayan. Asalipun saking tembung Latin *colere* ingkang artosipun punika nggarap utawi ngolah. Limprahipun saged dipun jlentrehaken ngolah siti utawi

sesabit, saking artos punika culture saged dipun artosaken inggih punika sedaya upadi sarta tumindaking manungsa kangge ngolah siti utawi bumi ngewahi donya (Koentjaraningrat, 2009).

Salebetung KBBI, budaya (*culture*) dipunartosaken dados *penggalih*, adat istiadat, sawijine ingkang sampun kalimrahan, lan sampun dados kalimrahan ingkang boten saged dipungantos. Wonten ing pangageman saben dinten, tiyang limrahipun nyamekaken pangertosan budaya kaliyan tradisi. Salebetung bab menika tradisi anggadhahi teges dados kalimrahan pabrayan ingkang ketingal. Budaya dipunwedharaken dados cara pagesangan tiyang ingkang dipunpindhahaken saking *generasi dhateng generasi* nglangkungi pinten-pinten lelampahan pasinaon kange ndamel cara pagesangan tertamtu ingkang paling cocog kaliyan pabrayanipun (Syakhrani & Kamil, 2022:783).

Miturut Koentjaraningrat (2009) salebetung (Syakhrani & Kamil, 2022:785) menika ngandharaken kabudayan dados sadayaning *sistem gagasan* lan raos, tumindak ingkang dipun asilaken manungsa salebetung gesang ing pabrayan ingkang dipundadosaken kagunganipun kanthi cara piwulangan (Koentjaraningrat, 2009:110). Koentjaraningrat ngandharaken menawi wonten ing dhasaripun kathah ingkang mbentenaken antawis budaya lan kabudayan, budaya inggih menika ngrembakaning majemuk budi daya, ingkang anggadhahi teges daya saking budi. Wonten ing kajian antropologi, budaya dipunanggep inggih menika singkatan saking kabudayan ingkang boten wonten bentenipun saking definisi. Dados kabudayan utawi budaya, miturut Koentjaraningrat inggih menika sedayanipun sistem gagasan, tindak tanduk lan

kasil kiasan manungsa salebeting pagesangan masyarakat ingkang dipundadosaken dhiri manungsa kanthi piwulangan.

Kathahipun kabudayan wonten ing saben wewenkong bumi nuswantara ingkang dipun lestantunaken saha dipun ajab saged dados pamecut dening gegayuhan gesang bebrayan bangsa Indonesia ing jaman ngajeng. Kabudayan Indonesia nedahaken piwucal luhur turun temurun ingkang kedah dipun jagi, dipunlestantunaken, dipun gulawentah saha dipun ngrembakakaken kangge ngiyataken kapribaden bangsa (Depdikbud, 2000). Wujud saking kabudayan inggih punika adat ingkang dados subasita. Sistem nilai budaya inggih punika wujudipun ingkang asipat abstrak, papanipun wonten penggalihipun manungsa. Sistem nilai budaya punika saking konsepsi- 10 konsepsi penggalihan bebrayan, satemah dipunanggep penting ugi ngandhut nilai pagesangan (Efendi, 2021). Budaya punika kathah sanget jinisipun, kadosta budaya takbir keliling, budaya nyadran, budaya bancaan, budaya malem setunggal suro, sekaten, lan resik dhusun, saha ugi budaya nguras sendhang, nguras ali, sedekah bumi, sedekah seganten, sedekah redi. Budaya ingkang awujud karya bëksa, kesenian *kreativitas* saking masyarakat kange keparing ngebaki kebетahan kaliyan batiniah lan rohaniah. Sipat manungsa mbetahaken kaping kalih kabetahan kangge kaseimbangan salebeting pagesangipun. Kabetahan rohani kaliyan kapitayan lan agami, dene ingkang kabetahan batiniahipun gesang mbetahaken kesenian, *rekreasi* mila gesang badhe mlampah sesarengan lan seimbang (Sawitri *et al.*, 2019).

Adhedhasar andharan wonten nginggil saged dipunpendhet dudutan bilih kabudayan inggih punika salah satunggaling simbol ingkang dipungadhahi dening satunggaling laladan pinangka tetengeran laladan kasebat. Pinangka kasil saking tindak tanduking manungsa saben dintenipun adhedhasar akal lan penggalih, salajengipun dipuntindakaken wonten pagesangan.

b. Wujud Kabudayan

Miturut J.J Honigman (salebetting Koentjaraningrat, 2009:150) menika ngandharaken wonten tigang wujud kabudayan inggih punika: *ideas*, *activities*, lan *artifact*. Koentjaraningrat (salebetting jurnal (Mudana, 2018:10)) ngandharaken bilih kabudayan puniku kabagi salebetting tigang wujud, inggih punika:

- 1) Wujud pinangka satunggaling gumolonging gilig saking ide-ide, pamanggih, *nilai-nilai*, lan paugeran.

Wujud kasebat ngedahaken wujud ide saking kabudayan, ingkang nggadhahi sipat *abstrak*, boten saged dipungrayang, dipunbeta, utawi dipunpoto, lan panggenanipun wonten ing panyiptaning warga masyarakat wonten kabudayan ingkang sesambutan gesang.

- 2) Wujud kabudayan pinangka satunggaling *komplek aktivitas* saha tumindak saking manungsa salebetting masyarakat.


Wujud kasebat dipunwastani *sistem sosial*, amargi sesambutan kaliyan tumindak lan tindak tanduking saking manungsa piyambak. Wujud punika saged dipun *observasi* lan dipun photo amargi salebetting *sistem sosial*

punika pikantuk *aktivitas* manungsa saking *interaksi* lan sesambutan saha tetepangan satunggal kaliyan sanesipun salebeting masyarakat.

- 3) Wujud kabudayan pinangka barang-barang asiling kiasan manungsa.

Wujud ingkang pungkasan menika dipunsebat ugi kabudayan *fisik*. Wondene wujud budaya punika meh sedayanipun inggih punika asiling *fisik* (*aktivitas* tindak tanduk, lan asil karya sedaya manungsa salebeting masyarakat.

3. Blangkon



Blangkon inggih punika simbol pepanggihan antawis Jagat Alit (mikrokosmos) lan Jagat Ageng (makrokosmos). Jagat Alit lan Jagat Ageng gegandhengan kaliyan ayahan manungsa pinangka *khalifah* wonten ing salumahing bumi ingkang mbektahanek kekiyatan Gusti Allah ingkang Maha Agung. Blangkon pinangka lambang kekiyatan manungsa salebeting nindakaken jejibahanipun ing salumahing bumi kangge satunggaling tiyang kakung awit kersanipun Gusti Allah ingkang Maha Agung. Dados blangkon inggih punika setunggaling wujud pamungahing napsu kaliyan ningalaken perangan ngajeng blangkon ingkang dipuntangsuli kanthi sae (kawiru kanthi alus) lajeng nahan *gejolak emosi*, kanthi dipuntangsuli wonten wingking ngantos awujud bendolan kalawau (Nuraini, 2019:19).

Blangkon salah satunggaling jangkeping ageman adat Jawi ingkang dipunginakaken kangge piyantun jaler. Kangge tiyang awam ingkang anggadhahi anggepan menawi blangkon punika anggadhahi mupangat namung dados panutuping mustaka kemawon. Kejawi wonten pinten-pinten pamanggih menawi blangkon anggadhahi mupangat dados pangayoming mustaka saking kabrongot sunaring srengenge. Saking segi wangun, blangkon menika jamakipun dipundamel saking kain bathik utawi kain polos ingkang kawangun sakalangkung sae, saengga menawi dipunagem badhe ketingal sae saha *estetis*. Sanadyan wonten ing *sisi* sanes, wonten makna filosofis ingkang kakandhut saking jangkeping busana adat jawi punika (Heru Arif Pianto Dwijonagoro et al., 2022:96).

Saperangan ageng adat istiadat Indonesia ngangge rerengganing mustaka dados jangkeping adat. Masyarakat Jawa Tengah nyebatipun blangkon, dene masyarakat Jawi Wetan nyebatipun udheng. Rerengganing mustaka anggadhahi mupangat lan makna ingkang lmangkung lebet. Bab kasebat saged minangka kaca benggalaning adat lan budaya satunggaling laladan. Wangun rerengganing mustaka saking laladan Yogyakarta, Surakarta, lan Jawi Wetan anggadhahi mondholan ageng awujud bal wonten perangan wingking, dene Surabaya anggadhahi wangun udheng ingkang nyleneh, awujud *segitiga* ingkang *menjulang tinggi* (Sasanti, 2021:1).


Dados salah setunggaling jangkeping ageman adat Surakarta lan mapan wonten ing sirah panganggenipun, sak limrahipun panganten putra laladan Surakarta migunakaken udheng gaya Pangeran Kasunanan (gaya

Surakarta). Udheng kasebat anggadhahi perangan ngajeng tanpa “kuncung”. Udheng punika kadamel saking kain batik (Nuraini, 2019:16). Blangkon gaya Surakarta benten kaliyan blangkon gaya Jogja, menawi blangkon gaya Surakarta tasih wonten mondholan ananging ingkang trepes, mondholan ingkang dipungadhahi blangkon gaya Surakarta ugi merbawani mupangat lan tegese piyambak (Sasanti, 2021:2). Panggenan tlatah ingkang boten tetebihan ugi merbawani perangan ageman piyambak- piyambak lan makna salebetipun. Blangkon gaya Surakarta anggadhahi pasemon sinandhi ingkang adiluhung. Babagan punika ugi merbawani kapribadian panganggenipun (Sasanti, 2021:4).

Benten kaliyan blangkon gaya jogja ingkang anggadhahi mondholan wonten perangan wingking, mondholan awujud bunder kados ondeonde. Mondolan ugi raket gandheng cenengipun kaliyan filosofi tiyang Jawi ingkang dipunajeng-ajeng pinter njagi wewados lan boten gampil medharaken aib, tumrap dhiri pribadi utawi tiyang sanes. Pabrayan Kasebat inggih punika tiyang-tiyang ingkang pinter micara, tindak-tanduk lebeting lampah lan ngatos-atos dados wujud kaluhuran budi. Tiyang ingkang wicaksana badhe kuwawi gumujeng lan mesem sanadyan manahipun muwun. Piyambakipun namung menggalihaken kados pundi caranipun tumindak sae dhumateng tiyang sanes, kamangka piyambakipun ingkang dados bentenipun. Pabrayan Jawi asring dipunwastani kaliyan istilah mbendhol wingking ingkang artosipun tansah ngaturaken sarujuk, ananging ugi nggrundel kaliyan mendel-mendel wonten wingkingtiyang sanes (Sasanti, 2021:2).

Ing jaman samangke pangageman blangkon kangge Masyarakat jamakipun sekedhik sanget dipunpanggihi. Blangkon rata-rata namung dipunagem dening kulawarga keraton mawon, inggih punika Keraton Kasunanan Surakarta utawi Kasultanan Yogyakarta. Para abdi dalem karaton sampun ngagem blangkon punika kanthi ajeg. Benten kaliyan pabrayan jamak menawi pangageman blangkon punika namung maligi kangge salebetung momen utawi tatacara tartamtu mawon, kadosta pawiwahan, tanggap warsa laladan utawi ritual Jawi. (Heru Arif Pianto Dwijonagoro *et al.*, 2022:98).

4. Makna Simbolik



Makna inggih punika perangan ingkang boten apisah saking semantik lan tansah rumaket saking punapa ingkang kula lan panjenengan dipuntuturaken. Pangertosan saking makna piyambak sanget maneka warna. Miturut Mansoer Pateda (2001:79) (salebetung jurnal (Muzaiyanah Muzaiyanah, 2015:146)) ngandharaken bilih makna inggih punika tembung-tembung ingkang bingungake. Makna kasebat tansah dados satunggal dhateng tuturan tembung saha ukara. Miturut Ullman (salebetung (Muzaiyanah, 2015:146)) ngandharaken bilih makna inggih punika sesambutan antawis makna kaliyan pangertosan. Salebetung babagan menika *Ferdinand de Saussure* medharaken pangertosan makna pinangka pangertosan utawi konsep ingkang dipungadhahi utawi wonten ing salah satunggaling tandha *linguistik*.

Ngelmu linguistik wonten kawruh ingkang dipunwastani kaliyan *semantik* saha *semiontika*. *Semantik* inggih punika salah satunggaling cabang ngelmu linguistik ingkang nyinau babagan tandha, lambing, utawi makna. Kajian semiontik punika makna ing salebeting basa. Semiontika inggih punika makna ing salebeting sedaya sistem lambang lan tandha. Miturut pemanggihipun Hornby (salebeting buku (Sudaryat, 2008)) makna inggih punika punapa kemawon ingkang dipun artosaken dening manungsa.

Miturut (Hoed, 2015) semiontika saged dipun ginakaken kange ngaos kabudayan. Sahengga panaliten punika ginakaken salah satunggaling cabang ngelmu linguistik inggih punika semiontika amargi badhe ngrembang babagan makna ing salebeting kabudayan. Kabudayan punika ginakaken pendekatan semiontika amargi pinangka salah satunggaling sistem tandha ingkang wonten sesambutanipun kaliyan cara mangertosii makna ing salebeting kabudayan.

Tembung simbol utawi lambang artosipun tetenger utawi tandha ingkang maringi pangertosan-punapa-punapa dhateng tiyang sanes. Miturut (Budiono Herusatoto, 2008) nyatakaken menawi simbol utawi tandha inggih punika setunggaling pangertosan dados pengantar subjek kaliyan objek. Kaleresan sami kaliyan pamanggihipun (Pradopo, 2008) nyatakaken menawi simbol inggih punika sedaya punapa-punapa arupinipun pocapan, tandha, lan sanesipun ngrujuk ing setunggaling bab ingkang ngewrat teges tertamtu.

Satunggaling lambang utawi simbol inggih punika anggadhahi makna tetenger utawi tandha ingkang paring tandha punapa kemawon dhateng tiyang sanes (Abdurrohman, 2016). Salebetung KBBI ngandharaken menawi simbol utawi lambang inggih punika punapa kemawon kados tandha, gineman, lencana lan sanesipun, ingkang ngandharaken punapa kemawon ingkang ngandhut maksud tartamtu (Agustianto, 2011).

Adhedhasar pangertosan makna kaliyan simbol wonten ing nginggil punika saged dipun pendhet dudutan menawi makna simbolik inggih punika lambang ingkang anggadhahi makna pinangka komunikasi ide kangege dipun sanjangaken kanthi boten langsung lan saged dipun mangertosi pinangka tuladha tindak tanduking kangege tiyang sanesipun.

5. Nilai Pendhidhikan

a. Pangertosan Nilai Pendhidhikan

Sawijine ingkang anggadhahi nilai, anggadhahi mutu, ngedahaken *kualitas* lan mupangat kangege manungsa dipunsebat nilai. Nilai pinangka kualitas ingkang *independen* badhe nggadhahi katetepan inggih punika ajeg ingkang kadados ing objek ingkang dipuntepang nilai. Kekancanan pinangka nilai (positif/sae) boten ebah esensinipun kala wonten pengkhianatan antawis kalih kekancanipun. Tegese, nilai inggih punika satunggaling katetepan ingkang wonten kados pundi kahanan ing sawentawisipun kedados (Amalia, 2010).

Miturut (Setiadi, 2017) salebeting jurnal (Amalia, 2010) ngandharaken pinangka kagiyatan gabungaken punapa kemayon kaliyan sawijine sanesipun sahengga pikantuk dados satunggaling kaputusan ingkang nyatakaken satunggaling punika nggadhahi guna utawi boten nggadhahi guna, leres punapa boten leres, sae utawi awon, *manusiawi* punapa boten *manusiawi*, religius punapa boten religius, adhedhasar jinis kasebat wontenipun nilai. Adhedhasar andharan pangertosan wonten ing nginggil saged dipunpendhet dudutan inggih punika nilai pinangka punapa kemawon ingkang nggadhahi nilai, nggadhahi aos, nggadhahi mutu, badhe ingedahaken salah satunggaling kualitas lan nggadhahi guna kangge pagesangan manungsa.

Pendhidhikan wonten ing hakikat ipun inggih punika upaya ngrencangi para *peserta didik* kangge ngrumaosi nilai-nilai ingkang dipun gadhahi lan upaya maringi *fasilitas* piyambakipun sedaya supados kabikak kawruh lan prasaanipun kangge nggadhahi lan ngeyakinaken nilai ingkang langkung sae, langkung dangu, lan inggih punika kaleresan ingkang dipun kurmati lan dipun restuni kaliyan *sahih* pinangka manungsa ingkang nggadhahi *adab* (Setiadi, 2017:114).

Adhedhasar saking andharan wonten ing nginggil saged dipun pendhet dudutan mbok bilih nilai pendhidhikan inggih punika sedaya punapa ingkang sae utawi awon ingkang nggadhahi guna kangge pagesangan manungsa ingkang pikantuk saking lelampahan pangubahan sikap lan tindak tanduk salebeting upaya pandewasaan dhiri manungsa nglangkungi upaya piwucalan.

b. Jinis-jinis Nilai Pendhidhikan

Jinising nilai-nilai pendhidhikan wonten sekawan, inggih punika:

1) Nilai Budaya

Nilai-nilai budaya miturut Rosyadi (1995:74) salebeting

(Amalia, 2010) inggih punika punapa kemawon ingkang dipunanggep sae lan aji dening satunggaling *kelompok* masyarakat utawi *suku bangsa* ingkang dereng tantu kawawas sae dening *kelompok* masyarakat utawi suku bangsa sanesipun amargi nilai budaya mbatesi lan maringaken *karakteristik* dhateng suku masyarakat lan kabudayanipun.

Nilai budaya inggih punika *tingkat* ingkang *abstrak* saking adat, gesang lan nggadhahi oyod salebeting penggalih masyarakat, lan angel dipungantos kaliyan nilai budaya sanesipun salebeting wekdal enggal (Amalia, 2010). Saged dipun pendhet dudutan saking andharan ing nginggil inggih punika nilai budaya manggenaken wonten ing posisi sentral lan wigatos salebeting kerangka satunggaling kabudayan ingkang nggadhahi sipat *abstrak* lan namung saged dipun wedhar utawi dipun nyatakaken pangamatan ing gejala-gejala ingkang langkung nyata kados tindak tanduking lan *benda-benda* dados kasil saking *konsep-konsep* nilai dening tumindhak manungsa.

2) Nilai Religius

Religi inggih punika satunggaling kasadaran ingkang tuwuh salebeting manah manungsa gesang dados *human nature*. Nilai religius boten

namung babagan gesang lahiriah mawon, ananging ugi gegayutanipun kaliyan dhiri pribadi manungsa salebeting sesambetan dhateng ke-Esaan Gusti Ingkang Maha Kuwaos (Rosyadi, salebeting Sugiyanto, 2023:24-25). Nilai religius anggadhaih ancas kangge mucal supados manungsa langkung sae midherekaken tuntutan agami lan tansah emut dhateng Gusti.

Semi (salebeting Sugiyanto, 2023:24-25) ugi ngandharaken, menawi tiyang gesang boten mangertosi kasil kabudayanipun, kejawi bilih tiyang gesang punika mangertosi saha pitados babagan agami ingkang dipunanut. Religi langkung miyos ing manah, penggalih, saha pribadi manungsa puniku piyambak. Saking pinten-pinten andharan ing nginggil saged dipun pendhet dudutan menawi nilai religius ingkang langkung inggil punika kerohanian saha saking kapitadosan manungsa.

3) Nilai Moral

Moral inggih punika pandengan pengarang babagan nilai-nilai keleresan lan pandangan puniku ingkang badhe dipunsanjangaken dhateng pamaos (Hasbullah salebeting Amalia, 2010:34-35) mratelakaken bilih, moral inggih punika kasagahan salah satunggaling tiyang bentenaken antawis sae lan awon. Nilai moral ingkang kakandhut salebeting karya sastra anggadhaih ancas kangge mucal manungsa supados tepang nilai-nilai etika inggih punika nilai sae utawi awon, satunggaling tumindhak, punapa ingkang kedah dipunendhani, punapa ingkang kedah dipuntindakaken, sahengga kedamel satunggaling tatanan sesambetan manungsa salebeting masyarakat ingkang dipunanggup

sae, serasi lan anggadhahi mupangat kangge tiyang puniku, masyarakat, pabrayan, lan alam sawentawis (Amalia, 2010:34-35).

Saged dipun pendhet dudutanipun bilih nilai moral ngedahaken paugeran-paugeran tindak tanduk lan adat istiadat saking satunggaling tiyang saking salah satunggaling kelompok ingkang ngandhut tindak tanduk.

4) Nilai Sosial

Miturut Robin William (salebetung Sugiyanto, 2023:27) nggadhahi pemanggih menawi nilai sosial inggih punika satunggaling bab ingkang sesambutan kaliyan kamulyan ing panggesangan, sahengga nuwuhaken nilai-nilai sosial ingkang dipunjunjung dening kathah tiyang.

Nilai sosial punika nggadhahi kagunan limrah ing pabrayan. Kagunan-kagunan punika antawisipun nilai-nilai saged manjurug piranti kangge pedhoman masyarakat salebetung penggalih saha tindak tanduking masyarakat (Drs. Suparto salebetung Sugiyanto, 2023:27). Tembung sosial pinika perkawis ingkang wonten gegayutanipun kaliyan tindak tanduking masyarakat. Nilai social anggadhahi ancas supados manungsa punika mangertosi mbok bilih wigatos sanget gesang ing lingkungan masyarakat.

B. Panaliten Ingkang Jumbuh


1. K.R.T Heru Arif Pianto Dwijonagoro, K.R.T Ahmad Nurcholis Dwijonagoro, Dheny Wiratmoko, lan Samsul Hadi taun 2022. Jurnal panaliten Ilmu Sejarah, Sosial, lan Budaya ingkang irah-irahanipun *Blangkon Salah Satu Budaya Adat Kaum Pria Jawa*. Asil panaliten punika

nyimpulaken menawi blangkon ing dhasaripun sanes namung tutup sirah ananging anggadhahi nilai kaendahan, nilai etika saha kapribaden. Salebetung pagesangan saben dinten masyarakat Jawi, blangkon saged maringaken satunggalilng simbol kawibawan wonten tiyang ingkang nganggenipun lan murugaken ing sedaya lampahan saha tindak tanduking manungsa ingkang cocog kaliyan etika pagesangan masyarakat Jawi. Saengga wonten panaliten punika jumbuh kaliyan panaliten puniki amargi sami-sami ngrembag babagan Blangkon, ananging ingkang bentenaken inggih punika wonten objek kajian panaliten ingkang dipunkaji, amargi objek panaliten ingkang kula pendhet inggih punika makna salebetung wangun gagrag Surakarta pinangka wucalan gesang tumrap masyarakat Jawi.

2. Rohfitri Nuraini, Fakultas Seni Rupa dan desain, taun 2019 skripsi ingkang irah-irahan Kajian Blangkon Surakarta. Asil panaliten punika saged dipun pendhet dudutanipun ngenani busana adat Surakarta lan wonten blangkon ingkang dipunkaji dening panaliten punika. Saengga wonten panaliten punika jumbuh kaliyan panaliten puniki amargi sami-sami ngrembag babagan blangkon Surakarta, ananging ingkang bentenaken inggih punika wonten ing objek kajian panaliten ingkang dipunkaji, objek panaliten ingkang kula pendhet inggih punika makna salebetung wangun blangkon gagrag Surakarta pinangka wucalan gesang tumrap masyarakat Jawi.

C. Cengkoronganing Pamikir

Cengkoronganing pamikir kalebet salebeting model konseptual babagan kadospundi teori sesambutan kaliyan pinten-pinten faktor ingkang sampun diidentifikasi dados perkawis wigatos (Sugiyono, 2019:91). Cengkoronganing pamikir anggadhahi isi bab runtutan panaliten ingkang badhe dipunandharaken lan diringkas salebeting wangun kados bagan. Kangge nggampilaken pamaos sumerep bab cengkoronganing pamikir ing panaliten punika, peneliti ngagem bagan kados salajeng punika.



(Cengkoroning Pamikir : Sugiyono, 2019 : 95)